



Pou Piblikasyon Imedya: 29/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN PERYÒD OUVÈTI ENSKRIPSYON 2021 NY STATE OF HEALTH LA

Opsyon Plan yo disponib kounya pou gade

Nan mitan yon pandemi mondyal, asirans sante bon kalite pi enpòtan ke jamè

Prèske tout moun ki enskri sou mache asirans sante yo ap obsève pa gen ogmantasyon depans an 2021

Plizyè milye asistan enskripsyon ki fòme prè pou ede

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke nan dat 1ye novanm, NY State of Health (NYSOH) - Mache asirans medikal ofisyèl eta a - ap lanse ouvèti enskripsyon pou Plan Medikal ki Kalifye pou 2021.

"New York te fè plis pase nenpòt lòt eta pou devlope aksè nan swen sante epi rann asirans bon kalite disponib pou tout moun", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Epi pandan n'ap kontinye lite kont COVID-19 la, asire nou ke chak Nouyokè asire epi gen aksè nan swen sante dekalite, te vin pi enpòtan toujou. Si ou pa asire, fè 2021 vin ane pou ou chanje sa, ale sou entènèt oswa rele NY State of Health pou èd."

Aksè ak asirans medikal patikilyèman enpòtan pandan New York ap kontinye konfwonte yon pandemi mondyal; epi nou ankouraje tout Nouyokè ki enskri aktyèlman nan yon Plan Sante Kalifye atravè NYSOH pou renouvle kouvèti yo. Tout moun ki pa gen asirans medikal ta dwe vizite [sitwèb](#) la tou epi pwofite de opòtinite a pou enskri. Ouvèti Enskripsyon an ap kontinye jiska 31 janvyè 2021. Akoz ijans sante piblik COVID-19 ki ankou a, kliyan ki deja enskri nan Medicaid, Child Health Plus, oswa Plan ki Esansyèl, plan kouvèti yo ap kontinye otomatikman epi yo pa bezwen renouvle nan moman sa.

NY State of Health, ansanm ak Depatman Sèvis Finansye Eta a ak konpayi asirans Eta New York yo, te lanse yon Peryòd Enskripsyon Espesyal nan fevriye 2020 epi yo te pwolonje l resaman jiska fen ane a, pou asire ke moun yo evite chèche fè tès oswa jwenn swen medikal ki lye ak COVID-19 la akòz yon mank kouvèti asirans sante.

Komisè Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la, Dr. Howard Zucker, te di, "NY State of Health kontinye sèvi antanke yon sekirite nè pou konsomatè ki gen bezwen kouvèti pandan ijans sante piblik la epi li te obsève ogmantasyon nivo enskripsyon yo a plis pase 5.5 milyon moun. Pandan n'ap avanse vè 2021, chwa plan yo konfòm ak 2020 epi n'ap kontinye disponib pou ede kliyan yo enskri nan Sant Sèvis pou Kliyan ak asistan enskripsyon yo alafwa, k'ap disponib pa telefòn".

Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2020 Eta a ki te Adopte a, Eta New York klase Lwa sou Swen ki Abòdab la (Affordable Care Act) an lwa eta a, ki enkli entèdiksyon kondisyon anvan yo, entèdiksyon limit lajan pa ane ak pou lavi yo, garanti benefis sante bon kalite, ak kapasite pou kenbe timoun yo sou plan paran yo jiska 26 an.

NY State of Health prevwa renouvle kouvèti Plan Medikal ki Kalifye yo pou apeprè 200,000 fanmi epi enskri nouvo konsomatè nan kouvèti a pandan Peryòd Ouvèti Enskripsyon an. Moun ki enskri kounya yo, ki enkli moun ki te enskri nan yon Plan Medikal ki Kalifye nan yon Peryòd Ouvèti Enskripsyon, te deja kòmanse resevwa avi renouvèlman pou 2021 epi yo ka kòmanse renouvèlman kouvèti yo nan dat 16 novanm 2020. Avi yo ap genyen ladan yo enfòmasyon sou prim, kredi taks, ak fason pou chwazi yon plan, si sa aplike. Nou konseye kliyan k'ap renouvle asirans yo pou mete kont yo ajou ak tout chanjman nan revni, adrès, oswa gwosè fanmi anvan enskripsyon an kòmanse. Pifò kliyan QHP ak EP yo gen yon chwa omwen kat plan nan konte yo a ankò an 2021.

Kliyan yo ka planifye alavans pou Ouvèti Enskripsyon an lè yo chèche nan [opsyon plan medikal yo](#). Ou ka jwenn [èd pou enskripsyon](#) gratis nan kominote lokal atravè Eta a. Kliyan yo ka itilize tou [Zouti rechèch founisè ak plan sante Eta NY \(NYS Provider & Health Plan Look-Up Tool\)](#) pou chèche rezo founisè ak plan sante yo. Avèk zouti sa, kliyan k'ap chèche asirans medikal ka chèche founisè swen medikal yo prefere yo, ki enkli doktè ak lopital, tout yon sèl kote, pou wè ki plan medikal founisè sa yo genyen nan rezo yo.

Enskripsyon nan Plan Esansyèl, Medicaid ak Child Health Plus ouvri tout ane a. Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb NY State of Health la nan: nystateofhealth.ny.gov.

Pou enskri nan yon plan asirans konsomatè yo kapab:

- Rele Sant Sèvis pou Kliyan an nan 1-855-355-5777
- Konekte sou sit wèb la nan nystateofhealth.ny.gov
- Pale ak yon asistan enskripsyon. W ap jwenn yon asistan [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)